


Prezidan Thomas S. Monson



Aprann nan men mwen

Nan Legliz Jezikri pou Sen Dènve Jou yo, yo ba nou opòtinite ak benediksyon pèsònèl pou nou sèvi. Nou tout resevwa envitasyon sa a nan men Senyè a: “Aprann nan men mwen . . . epi w ap jwenn repo pou nanm ou.”¹

M envite tout Sen Dènve Jou yo pou yo reflechi sou efò yo pou ansenye ak aprann epi gade sou Sovè a kòm Gid pandan y ap fè sa. Nou konnen “enstriktè sa a soti nan Bondye”² a te plis pase yon senp enstriktè. Limenm ki te ansenye nou pou nou renmen Senyè a, Bondye nou, avèk tout kè nou, tout nanm nou tout fòs nou, epi pou nou renmen pwochen nou menm jan nou renmen tèt nou an, se Mèt Enstriktè epi se Modèl lavi pa fè a.

Se limenm ki te deklare: “Vini, swiv mwen.”³ “M trase yon egzanp pou ou.”⁴

Amwens ke nou konvèti

Jezi te ansenye yon verite senp e pwofon ke nou jwenn nan Matye. Apre Li ak disip Li yo te desann soti nan Montay Transfigirasyon an, yo te fè yon ti rete nan Galile epi apre sa yo te ale nan Kapènaoum. La disip yo te vin jwenn Jezi, yo te mande:

“Kimoun ki pi gran nan wayom syèl la?”

“Epi Jezi te rele yon timoun piti pou vin jwenn li, e li te mete l nan mitan yo,

“Epi li te di, Anverite m ap di nou *nou pa tounen tankou yon timoun piti*, nou p ap ka antre nan wayom syèl la.”⁵

Nan legliz la, bi pou anseye levanjil la se pa pou vide enfòmasyon nan lespri pitit Bondye yo, keseswa lakay, nan klas, oubyen nan chan misyon an. Se pa pou montre

konbyen paran yo, enstriktè a, oubyen misyonè yo konnen. Se pa sèlman pou ògmante konesans sou Sovè a ak Legliz Li a.

Objektif debaz ansèyman an se pou ede pitit gason ak piti fi Pè Selès yo retounen nan prezans Li e jwi lavi etènèl avèk Li. Pou fè sa, ansèyman levanjil dwe ankouraje yo sou chemen disip yo ak chemen alyans sakre yo chak jou. Objektif prensipal la se pou enspire moun yo endividyèlman pou yo panse pou viv prensip levanjil yo, asimile yo epi aji an konsekans. Objektif la se pou devlope lafwa nan Senyè Jezikri ak pou vin *konvèti* nan levanjil Li ya.

Ansèyman ki beni ak konvèti ak sove lavi se ansèyman ki suiv egzanp Sovè a. Enstriktè ki suiv egzanp Sovè a renmen e sèvi moun y ap anseye yo. Yo enspire moun kap tande yo avèk lesou etènèl verite divin. Yo viv lavi moun ka imite.

Renmen e Sèvi

Ministè total Sovè a montre nou egzanp amou pou pwochen nou. Anfèt, amou Li ak sèvis Li sete souvan lesou Li. Menm jan sa a, enstriktè m pi sonje yo se enstriktè ki te byen konnen etidyan yo, ki te renmen yo, epi sousye pou yo. Yo te cheche brebi pèdi a . Yo te anseye lesou lavi m ap toujou sonje.

Yonn nan enstriktè sa yo sete Lucy Gertsch. Li te konnen chak etidyan l yo. Li pa t jan m bliye pou l te rele sa ki te rate yon Dimanch yo oubyen ki pa t vini ditou yo. Nou te konnen li te sousye pou nou. Pa gen yonn nan nou ki janm bliye li ni lesou li te anseye nou yo.

Anpil ane apre, lè Lucy te prèske nan fen lavi li, m t al vizite li. Nou te pale sou tan lontan sa yo lè li te enstriktè

nou an. Nou te pale apwopo chak manm klas nou yo ak sou sa yo chak ap fè kounyea. Amou ak enterè li pou nou te kouvri tout yon lavi.

M renmen egzòtasyon Senyè a nou jwenn nan Doktrin ak Alyans yo:

“Epi m ba nou kòmandman pou nou youn anseye lòt doktrin wayòm nan.

“Ansenye avèk dilijans epi lagras mwen ap vini sou nou.”⁶

Lucy Gertsch te anseye avèk dilijans paske li te renmen san fayi.

Ofri Espwa ak Verite

Apot Pyè te konseye: “Toujou pare pou reponn tout moun ki mande nou rezon esperans ki nan nou an.”⁷

Petèt pi gwo esperans yon enstriktè ka ofri se esperans nou jwenn nan verite yo ki nan levanjil Jezikri a.

Mòmmon te mande: “Epi, ki sa nou dwe espere?” “Gade, m di nou, nou dwe gen esperans nan ekspyasyon Kris la ak pouvwa rezirèksyon li a, pou nou resisite nan lavi etènèl, e se poutèt lafwa nou nan li, dapre pwomès la.”⁸

Enstriktè yo, leve vwa nou e temwaye konsènan vrè nati divinite a. Deklare temwayaj nou konsènan Liv Mòmmon an. Transmèt bèl verite gloriye yo ki nan plan Sali a. Itilize materyèl Legliz la apwouve, espesyalman ekriti yo, pou ansenye verite levanjil retabli Jezikri yo nan pite yo ak senplisite yo. Sonje egzòtasyon Sovè a pou nou “sonde ekriti yo; paske ladan yo nou panse n ap jwenn lavi etènèl: e se yomenm ki temwaye de mwen.”⁹

Ede pitit Bondye yo konprann sa ki reyèl ak enpotan nan lavi sa a. Ede yo develop fòs pou yo chwazi chemen ki ap kenbe yo ansekirite sou wout lavi etènèl la.

Anseye laverite, e Sentespri a ap sipòte efò ou yo.

“Aprann nan men mwen”

“Paske Jezikri te pafètman obeyisan e soumèt devan Papa Li, Li te “ grandi an sajès, ak nan wotè, ak nan lagras devan Bondye ak devan lèzòm.”¹⁰ Èske nou gen detèminasyon pou nou fè menmjan an? Menm jan Jezi “te resevwa gras sou gras,” la¹¹ avèk pasyans ak pèsistans, nou dwe chèche limyè ak konesans nan men Bondye nan efo nou pou nou aprann levanjil la.

Tande se yon eleman esansyèl nan aprann. Lè n ap prepare pou nou aprann, nou priye pandan n ap chèche

enspirasyon ak konfimasyon Sentespri a. Nou medite, nou priye, nou aplike leson levanjil yo, epi nou chèche konnen kisa Papa a vle nou fè.¹²

Jezi “te anseye . . . anpil bagay an parabòl,”¹³ ki mande zòrèy pou nou tandè, zye pou nou wè, ak kè pou nou konprann. Si nou viv diy, nou ka plis tandè chichotman Sentespri a, ki ka “anseye [nou] tout bagay, e fè nou sonje tout bagay.”¹⁴

Lè nou reponn a envitasyon dous Senyè a, “Aprann nan men mwen,” an, nou vin patisipan nan pouvwa divin ni. Se poutèt sa, annou avanse nan espri obeyisans, pandan n ap suiv Egzanp nou an nan ansenye jan Li ta vle nou ansenye ak aprann jan Li ta vle nou aprann.

NÒT

1. Matye 11:29.
2. Jan 3:2.
3. Lik 18:22.
4. 3 Nefi 18:16.
5. Matye 18:1-3; italik ajoute.
6. Doktrin ak Alyans 88:77-78.
7. Pyè 3:15.
8. Mowoni 07:41.
9. Jan 05:39.
10. Lik 2:52.
11. Doktrin ak Alyans 93:12.
12. Gade Jan 5:30.
13. Mak 4:2.
14. Jan 14:26.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Monson envite nou pou “medite sou efò nou pou anseye ak aprann yo epi pou nou itilize Sovè a kòm Gid nou lè nou ap fè sa a.” Ou gen dwa sonde ekriti yo avèk moun w ap vizite yo pou jwenn ide sou fason Jezikri te ansenye ak aprann. Ou gen dwa kòmanse avèk kèk ekriti Prezidan Monson fè referans yo, tankou Matye 11:29 Jan 5:30 Mak 4:2 Ou gen dwa diskite sou fason sa ou prann osijè Kris la ka ede ou “vin pi byen patisipe nan pouvwa divin ni.”

TIMOUN YO

Aprann osijè Jezi

Sentespri a ba nou santiman pezig pou ede nou konnen ke Jezi reyèl e Li renmen nou. Ekri oubyen desine sa ou aprann osijè Jezi



Lafwa, Fanmi, Sekou

Kreye dapre imaj Bondye

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kòman konpreyansyon “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan” ogmante lafwa nou nan Bondye e beni moun n ap veje sou yo atravè vizit nan fwaje yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Epi Bondye di: Annou fè lòm pòtre ak nou, pou li sanble avèk nou. . . .

“Konsa, Bondye te kreye lòm dapre imaj pa li, li te fè l pòtre ak li; li te kreye yo gason ak fi.” Jenèz 1:26-27

Bondy se Papa nou ki nan Syèl la, e li te kreye nou dapre imaj Li. Konsènan verite sa a, Prezidan Thomas S. Monson te di: “Bondye Papa nou gen zòrèy pou l tande priyè nou. Li gen je pou l wè aksyon nou. Li gen bouch pou l pale avèk nou. Li gen yon kè pou l santi konpasyon ak lanmou. Li reyèl. Li vivan. Nou se pitit li ki te fèt dapre imaj li. Nou sanble avèk li e li sanble avèk nou.”¹

“Sen Dènnye Jou yo konsidere tout moun kòm pitit Bondye nan yon sans total ak konplè; yo konsidere chak moun kòm moun ki gen orijin, nati ak potansyèl divin.”² Chak se “yon pitit lespri gason oubyen fi byeneme ki soti nan paran selès.”³

[Pwofèt] Jozèf Smit te aprann tou

ke Bondye vle pou pitit Li yo resevwa menm kalite egzistans egzalte li genyen an.”⁴ Jan Bondye di: “Paske gade, sa a se travay mwen ak laglwa mwen—pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm (Moyiz 1:39).

Ekriti adisyonèl

Jenèz 1:26-27 1 Korentyen 3:17 Doktrin ak Alyans 130:1

Nan Ekriti yo

Frè Jared la nan Liv Momon an te chèche yon fason pou l te klere yuit bato pou Jaredit yo te ka travèse tout dlo yo pou yo t ale nan tè pwomiz la. Li “te fonn sèz ti wòch nan yon gwo wòch” epi li te priye pou Bondye te ka “touche wòch sa yo” avèk dwèt Li “pou yo kapab klere nan fènwa.” Epi Bondye “te lonje men l, epi li te touche wòch yo youn apre lòt avèk dwèt li.” Vwal la te soti nan je frè Jarèd la, epi “li te wè dwèt Senyè a; epi li tankou dwèt yon nonm. . . .

Epi Senyè a te di l: Èske w ap kwè nan pawòl m pral di w yo?

“Epi li te reponn: Wi, Senyè.”

Epi “Senyè a te fè [frè Jarèd la] wè l” epi li te di “Èske w wè w te kreye nan imaj mwen? Wi, menm tout moun te kreye nan imaj mwen nan kòmansman an.” (Gade Etè 3:1-17)

NÒT

1. Thomas S. Monson, “I Know That My Redeemer Lives,” nan Conference Report, Avr. 1966, 63.
2. Sijè Levanjil yo, “Vini Menm Jan ak Bondye” topics.lds.org gade tou Moyiz 7:31-37
3. “Fanmi an: Yon Pwoklamasyon pou Mond la,” *Liahona* Nov. 2010, 129.
4. Sijè Levanjil yo, “Vini Menm Jan ak Bondye,” topics.lds.org gade tou *Enseignements des présidents de l’église* Joseph Smith (2007), 221.

Konsidere bagay sa a

Lè nou konnen ke chak moun te kreye dapre imaj Bondye, kòman sa ede nou nan asosyasyon nou avèk lòt yo?